jaam bi du suturaal ab jaam ci àdduna lu dul ne Yàlla dana ko suturaal ëllëg bis-pénc

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "jaam bi du suturaal ab jaam ci àdduna lu dul ne Yàlla dana ko suturaal ëllëg bis-pénc".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day leeral ne ab jullit du suturaal ab mbokku jullitam ci biri àdduna, lu dul ne Yàlla mu màgg mi dana ko suturaal ëllëg bis-pénc; ag pay day tollok jëf ja, suturag Yàlla ci moom mooy mu nëbbal ko ay ayibam ak i moyam wolif mu di ko siiwal ca barab bañuy pangee jaam yi, man naa nekk it ci bañ ko ca a regle bañ ka ko a fàttali.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3777